



UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
Alamat: Gedung T1 Kampus Lidah Wetan, Telp. 031-752876

SURAT PERNYATAAN KEORISINILAN ARTIKEL

Yang bertanda tangan dibawah ini,


Nama : Alif Akbar RizqianIlham
Tempat tanggal lahir : Magetan, 26 Januari 1995
NIM : 13020114062
Prodi/angkatan : S1/2013
Alamat : Ds. BendungRejo, RT.07 RW.04, Kec.
Berebek, Kab. Nganjuk.

Menyatakan dengan sesungguhnya bahwa:

- (1) Skripsi yang diujikan ini benar-benar hasil kerja sendiri (bukan hasil jiplakan baik sebagian maupun seluruhnya).
- (2) Apabila dikemudian hari terbukti skripsi ini hasil jiplakan, saya akan menanggung resiko diperkarakan oleh jurusan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Unesa.


Demikian surat pernyataan yang saya buat dengan sebenar-benarnya.

Dosen Pembimbing



Prof. Dr. Ujang Pairin, M. Pd.
NIP 195706101984031003



2 November 2017
yatakan,


Alif Akbar RizqianIlham
NIM. 13020114062

Mengetahui,
Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa
dan Sastra Daerah


Dra. Sri Sulistiani, M.Pd
NIP 196710161993022001

**TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING
DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN**

**TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA
PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN**

ALIF AKBAR RIZQIAN ILHAM

13020114062

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Joakbar52@yahoo.com

ABSTRAK

Sajrone tuturan Kh.Ghofur kerep nggunakake basa jawa logat lamongan, surabaya campuran, tuturane ceplos-ceplos, materi kang kerep digunakake yaiku ngenani akhlaklan sopan santun. Underane panliten yaiku,(1) Apa wae jinise tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah?,(2) Apa wae fungsi tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah?,(3) Apa wae konteks tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah?. Sajrone panliten iki nggunakake teori tindak tutur ilokusi sing diandharake searle.

Metodhe ing panliten iki yaiku metodhe panliten kualitatif deskriptif. Instrumen panliten ing kene yaiku instrumen panliten utama lan instrumen panliten panyengkuyung. Tata caranglumpukake dhata nggunakake metodhe semak lan tekhnik cathat.

Asile panliten ngenani Jinise tindak tutur ilokusi asertif kayata ngandhani, micara, menahi anjuran, nglapurake, nggunggung. Tindak tutur *ilokusi ekspresif*, kayata nesu, ngakoni. Tindak tutur *ilokusi direktif*, *komisif*, *deklaratif*. Fungsi tindak tutur *ilokusi Kompetitif*,diperang ana 3 yaiku fungsi tindak tutur ilokusi Kompetitif mrintah, janji,njaluk. Fungsi tindak tutur *ilokusi kolaboratif*,*konflikatif*, *konvivial*.Konteks tuturan ing panliten iki yaiku nggunakake *konteks eksistensial* lan *Konteks aksional*.

Tembung Wigati: Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H.Ghofur sajrone Pengajian Umum.

PURWAKA

Ing purwaka iki ngandharake ngenani lelandhesan panliten, tujuwan panliten, paedah panliten, lan panjlentrehe tetembungan. Saben bab-bab kasebut bakal diandharake ana ing ngisor iki

1.1 Lelandhesan Panliten

Tindak tutur ana ing sajrone komunikasi basa. Tindak tutur minangka sawijine ukara kang diujarake sajrone kondisi tartamtu lan minangka kasawijian sing cilik saka komunikasi kang nemtokake tegese ukara. Dene ana sawijine panutur kang pengin nganakake komunikasi kaliyan mitratutur, mula kang pengin dirembakakake yaiku teges lan ukarane. Kanggo nyampekake teges utawa maksud, panutur kudu njlentrehake sajrone wujud tindak tutur. Teges sajrone tindak tutur wigati banget diitungake sajrone maneka warna dene tindak tutur kasebut salaras kaliyan proposisi panutur, situasi panutur, lan struktur kang ana sajrone komunikasi.

Manungsa minangka makhluk sosial, mula saka kuwi manungsa mbutuhake basa saperlu kanggo prantara

komunikasi. Tanpa basa, manungsa bakal kangelan nganakake interaksi marang manungsa liyane, liya saka kuwi, basa uga nduweni fungsi minangka prantara kanggo urip sajrone masyarakat. Saben komunikasi manungsa bisa menahi informasi uga njaluk pawarta marang manungsa liyan e kang arupa pikiran, gagasan, teges, perasaan, uga emosi.

Basa ora bisa uwal saka daya panguripan manungsa ing sajrone masyarakat, basa minangka piranti komunikasi kang nduweni tujuwan supaya piweling utawa teges kang diucapake dening panutur marang mitratutur.

Ing panliten iki sing ana gegayutane kaliyan basa yaiku *dakwah*,*dakwah* minangka salah sawijine adicara kang ana gayutane kaliyan bab-bab agama. Nalikane ana *dakwah* mesthi wae masyarakat akeh kang teka ana ing adicara kasebut, saengga sajrone adicara dakwah kasebut bisa nuwuhake interaksi antarane pawongan siji marang pawongan liyane. *Dakwah* minangka kagiyatan kang arupa ajakan kang awujud lisan, tulisan, utawa tingkah laku kang ditindakake kanthi sadhar lan nduweni rantaman kang sajrone mengribawani marang wong liya. Supaya bisa nuwuhake rasa sadhar, sikap kang ngrayati,

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

sarta menehi pangalaman tumrap ajakan minangka piweling kang disampeke tanpa ana unsur kang meksa aliyen basa yaiku *dakwah, dakwah* minangka salah sawijine adicara kang ana gayutane kaliyan bab-bab agama. Nalikane ana *dakwah* mesthi wae masyarakat akeh kang teka ana ing adicara kasebut, saengga sajrone adicara dakwah kasebut bisa nuwuhake interaksi antarane pawongan siji marang pawongan liyane. *Dakwah* minangka kagiyatan kang arupa ajakan kang awujud lisan, tulisan, utawa tingkah laku kang ditindakake kanthi sadhar lan nduweni rantaman kang sajrone mengribawani marang wong liya. Supaya bisa nuwuhake rasa sadhar, sikap kang nghayati, sarta menehi pangalaman tumrap ajakan minangka piweling kang disampeke tanpa ana unsur kang meksa.

Pangetrepahe tindak tutur bisa ditemokake ana ing sajrone kaset VCD kang isine ana rekaman dakwah dening KH.Ghofur pimpinan PONPES Sunandrajat. Dakwah K.H Ghofur wis kasebar ana ing bakul kaset, umume ana ing dhaerah Gresik, uga ana kang diunggah ing internet, utamane ing You Tube. Sak kaset utawa sak rekaman wektune rata-rata ana sak jam luwih, rekaman dakhwah kasebut diterbitake dening *Asosiasi Penyulur dan pengusaha Rekaman Indonesia* kang dicekakake dadi APPRI, uga ing radio Persada.

Tuturan kang digunakake dening K.H Ghofur sajrone dakwah pengajian ing desa Putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan. Nalika dakwah ana bab-bab kang lucu lan unik. Amarga nalika dakwah nggunakake basa jawa logat Lamongan, logat Gresik lan logat surabaya kang tuturane cetha, basane cepas-ceplos, apa anane lan kalem. K.H. Ghofur minangka kiyai kang nduweni gelar gaya humor kang lucu, ora kalah kaliyan Kiyai kang nduweni sipat humor sak Indonesia. Nalika ngrungokake lan ndelok video dakwahe K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, ing rekaman iku uga ana suguhane sajian kang asipat *comedy* saka mitratutur uga oleh *siraman rohani*, kang oleh manfaat iman lan islam, uga ora ngguroni, *friendly* lan melu *trandyne* kahanan ing jaman saiki, uga isa ngraket lan ngraket nom-noman ing desa kasebut.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur kasebut, mula underane panliten kang bakal diteliti yaiku:

- (1) Apa wae jinise tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah?
- (2) Apa wae fungsi tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah?

- (3) Apa wae konteks tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah

1.3 Tujuan Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur kasebut, mula tujuan panliten kang bakal diteliti yaiku:

- (1) Kanggo mangerteni jinise tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah.
- (2) Kanggo mangerteni fungsi tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah.
- (3) Kanggo mangerteni konteks tindak tutur ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah

1.4 Paedahe Panliten

Paedah panliten ing panliten iki diperang dadi loro, yaiku:

- (1) Paedah Teoretis

Panliten iki nduweni pangajab supaya migunani tumrap ilmu tindak tutur khusus ing tindak tutur ilokusi, panliten iki ngrembag tindak tutur ilokusi dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan.

- (2) Paedah Praktis

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kang migunani tumrap panliti, pamaos uga masyarakat. Kayata ing ngisor iki:

- 1) paedah kanggo panliti yaiku supaya bisa didadekake acuan panliti sabanjure, minangka pengembangane ilmu pengetahuan, bisa dadi pengalaman, lan wujud saka sikap positif sajrone tuturan lan tindakan.
- 2) paedah kanggo pamaos yaiku supaya pamaos luwih mangerteni bab tindak tutur mligine tindak tutur ilokusi sajrone dakwah K.H Ghofur ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, uga bisa dadi wawasan kanggo mujudake salah sawijine pengetahuan bab tindak tutur ilokusi.
- 3) paedah kanggo masyarakat yaiku supaya masyarakat mangerteni apa wae sing diandharake amrih bisa ndudut maksud saka tuturan kang dikanggokake sajrone dakwah.

1.5 Panjlentrehe Tembung

Tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku:

- (1) Tindak Tutur

Gejala individual, kang asipat psikologis lan keberlangsungane ditemtokake dening kemampuan basa panutur sajrone ngadhepi situasi tartamtu (Austin, 1962).

- (2) Tindak Ilokusi

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

Tuturan sakliyane nduweni fungsi kanggo menahi informasi bisa uga digunakake kanggo nindhakake samubarang (wijana,1996).

(3) Fungsi tindak tutur ilokusi

Gegayutan karo tujuwan sosial arupa perilaku kang *sopan* lan *hormat*.

(4) Dakwah

Minangka kagiyatan arupa ajakan awujud tulisan, lisan, sola bawa lan sapiturute, kang ditindakake kanthi sadhar sarta nduweni rencana uga rantaman sajrone mangribawani wong liya, kanthi dhewekan utawa kelompok, supaya bisa nuwuhake pangerten, kasadharan, sikap penghayatan sarta pengalaman tumrap ajakan minangka piweling kang dituturake tanpa ana unsur pamaksan (arifin,2015)

(5) Pengajian Umum

Pengajian kang dianakake kanggo masyarakt umume (wati,2016:26).

1.6 Wewatesan Panliten

Panliten iki dianakake kanggo ndeskripsikake tindak tutur K.H Ghofur sajrone dakwah pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan. Miturut Austin (sajrone Dardjowijoyo, (2005:45-46) mbedakake basa sajrone telung jinis, yaiku : (1) tindak basa lokusi, (2) tindak basa ilokusi, (3) tindakbasa perlokusi.

Miturut andharane Searle (sajrone Leech, 1993 : 164) mawas nggunakake basa sajrone proses pacaturan iku minangka sawijine tindakan kang dikenali kanthi sawijine aran tindak ujar, kayata sajrone tindakan kanggo nggawe bab pitakonan, menahi bab pitakonan, kanggo njlentrehake, kanggo ndeskripsikake, kanggo nyepurani, nggawe janji, miturut searlee tindak tutur diperang dadi limang jinis yaiku (1) tindak ekspresif, (2) tindak direktif, (3) tindak asertif, (4) tindak komisif, (5) tindak deklaratif.

Miturut andharan underane panliten ing nduwur, negesake dene masalah sing dikaji sajrone babagan iki amba banget, mula saka kuwi, panliten iki diwatesi karo tindak tutur ilokusi sing didhasarake ing tindak tutur kayadene sing diandharake dening searle.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Sajrone tintingan kapustakan iki bakal kaandharake ngenani konsep-konsep, kanggo nлити tindak tutur ilokusi lan teori ngenani tindak tutur. Andharan saka konsep kang nyengkuyung ana ing ngisor iki.

2.1 Panliten Saemper

Ing bab iki bakal kaandharake ngenani panliten sadurunge kang saemper karo panliten sing arep diteliti

ing panliten iki. Kajian tindak tutur uga wis akeh diteliti dening mahasiswa ing saben Fakultas Basa, kang saemper yaiku sepisan kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Ilokui ustadzah oki setiana dewi pada " islam itu indah": kajian pragmatik*. Kang ditindakake dening Hilda Pasca Bella (2016). Panliten iki nлити ngenani tindak tutur ilokusi kang ditindakake dening ustadzah oki setiana dewi.

Sajrone panliten iki uga nduweni bab kang padha yaiku panliten kang ditindakake dening Hilda Pasca Bella (2016) nggunakake kajian tindak tutur Searle, sajrone panliten iki nduweni hasil kaya sing dikarepake ing punjere panliten. Bab kang beda ana ing sumber dhata panliten, yaiku wujud lan faktor kontekstual *ustadzah Oki Setiana Dewi*.

Panliten kapindo yaiku panliten tindak tutur kanthi irah-irahan *Tindak tutur ilokusi dakwah K.H ANWAR ZAHID Sajrone Pengajian Umum ing Desa Kanorejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban*, dening Sunu Eka Wati (2016). Panliten iki nлити ngenani tindak tutur ilokusi kang ditindakake dening K.H Anwar Zahid. Panliten iki mligine nemokake *tindak tutur ilokusi* kang dituturake dening K.H Anwar Zahid *Sajrone Pengajian Umum ing Desa Kanorejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban*. Kang diteliti yaiku arupa tindak tutur ilokusi kang ditindakake dening K.H Anwar Zahid sajrone dakwah pengajian umum. sajrone panliten iki nduweni hasil kaya sing dikarepake ing punjere panliten. Yaiku jinis lan konteks tuturan kang dikanggokake dening K.H Anwar Zahid

2.2 Pragmatik

Adhedhasar konsep-konsep ing panliten iki bakal ngandharake konsep kang digawe ing panliten iki yaiku tegese pragmatik, konsep, tindak tutur, konsep tindak tutur, jinis tindak tutur, tindak tutur ilokusi, konsep ilokusi, tujuwan ilokusi.

Tarigan (2009:29) ngandharake dene pragmatik yaiku telaah ngenani teges kang gegayutan karo maneka situasi tuturan. Miturut Morris (sajrone Nadar, 2009:2) pragmatik yaiku cabang linguistik sing nyinaoni basa sing digunakake komunikasi sajrone situasi tartamtu.

Adhedhasar pamawas para ahli basa ing ndhuwur bisa didudut dene pragmatik yaiku cabang linguistik sing nelaah tuturan kang dituturake panutur kang bisa mangribawani mitra tutur.

2.2.1 Konsep

Istilah pragmatik dikenalake dening Charless Morris ing taun 1938 minangka sawijine filosof kang ngandharake ngenani wujud ilmu tanda (*semiotik*) sajrone (Levinson, 1983:1) dene semiotik kuwi kaperang dadi telung bidhang kajian yaiku sintaksis, semantik,

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

pragmatik. Dheweke ngandharake dene sajrone panliten kudu ana samubarang kang kongkrit marang pangguna basa. Miturut pamawase para ahli basa ing ndhuwur negesake dene pragmatik kuwi pancen ngrembag teges tuturan kang gegayutan karo pangguna basa lan konteks tuturan.

Konsep umum pragmatik yaiku katrampilan sajrone nggunakake basa miturut partisipan nalika pacaturan, topik pacaturan, situasi lan dumadine pacaturan kasebut, (chaer lan Agustina, 1995:289).

2.2.2 Tindak Tutur

Miturut Searle (1975) tindak tutur diperang dadi telung jinis yaiku lokusi, ilokusi lan perlokusi. Tindak tutur kasebut diatur dening norma sing nggunakake basa sajrone pacaturan antarane panutur marang mitratutur. Miturut (Chaer,2004:50) Tindak tutur yaiku gejala *individual* kang asipat *psikologis* lan anane tindak tutur kasebut ditenokake dening kamampuan basa panutur sajrone ngadhepi kahanan tartamtu. Miturut Leech (sajrone Wijana 1996:10-12).

2.2.3 Jinise Tindak Tutur

Jinise tindak tutur kaperang dadi telu, yaiku tindak tutur lokusi, ilokusi, perlokusi, katelune bakal dirembug ana ing ngisor iki.

2.2.3.1 Tindak Tutur Lokusi

(Searle sajrone Nadar 2009:14) ngandharake dene tindak tutur fungsine kanggo menahi informasi biyasane tindak lokusi dianggep kurang wigati sajrone kajian tindak tutur. Tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur kang dimaksudake kanggo ngandharake samubarang kang nduweni fungsi kanggo menahi informasi antarane panutur marang mitra tutur, tindak tutur iki disebut minangka *The Act of Saying Something*, (Wijana,1996:17). Miturut (Patner sajrone Wijana, 996:8). *Fokus lokusi* yaiku makna tuturan kang dututurake, ora masalahake maksud utawa fungsi tuturan kasebut, tindak tutur lokusi paling penak di titeni amarga bisa ditindakake tanpa ndheleng konteks tuturan kang ana sajrone situasi tutur, dadi saka pamawas pragmatik tindak lokusi ora pati wigati kanggo mahami tindak tutur

Tindak tutur lokusi nduweni teges panutur nuturake marang mitra tutur dene tembung-tembung sing dituturake ngandhut makna lan acuan tartamtu. Mula saka adhedhasar kasebut Keraf (sajrone Haryanto,2008) merang tindak lokusi dadi telung tipe, yaiku :

(1) *Tindak tutur tipe naratif*,

minangka wujud wacana sing sasaran utamane yaiku tindak tanduk kang bisa ditata dadi siji sajrone urutan wektu. Naratif nduweni maksud kanggo mangsuli pitakonan apa sing dumadi.

(2) *Tindak tutur tipe deskriptif*,

anane *daya hayal* saka mitra tutur, saora-orane mitra tutur bisa ndeleng lan ngrasakake objek sakabehe. Tindak tutur deskriptif bisa nuwuhake daya khayal marang mitra tutur, ananging efek kasebut menahi anjuran mitra tutur ora kudu langsung sajrone menahi tanggapan.

(3) *Tindak tutur tipe invormatif*

wujud wacana kang ngandhut makna, saengga mitra tutur bisa njupuk dudutan saka tuturan kang dirungokake, informatif minangka wujud wacana kang ngandhut makna saengga mitratutur mangerti amanat kang dituturake.

2.2.3.2 Tindak Tutur Ilokusi

Tindak tutur ilokusi minangka tindak tutur kang fungsine ora mung nginformasekake samubarang, ananging uga nduweni tujuan kanggo nglakokake samubarang. Banjur miturute Rohmadi (2014:31) ngandharake dene tindak ilokusi yaiku tindak tutur kang nduweni fungsi saperlu kanggo menahi informasi ngenani samubarang.

Miturut Leech (1993:316) ilokusi yaiku nglakokake tumindak sajrone menahi informasi ngenani samubarang. Tindakan ilokusi gegayutan karo sapa kang nuturake, marang sapa, kapan, lan ing ngendi tindak tutur kasebut ditindakake. Saka pamawas ahli basa ing ndhuwur bisa didudut dene Tindak ilokusi yaiku tindakan kang nindakake samubarang. Tindak tutur ilokusi iki biyasane gegayutan karo menahi idin, nuturake maturnuwun, ngongkon, ngenyang uga ngajeni. Kaya tuladha kang ana ing ngisor iki. Tindak tutur ilokusi diperang dadi lima, yaiku kaya ing ngisor iki.

(1) Tindak Tutur Ilokusi Arsetif

Tindak tutur ilokusi asertif yaiku tindak tutur ilokusi kang nglibatake panutur saka kabeneran proposisi kang diekspresikake dening panutur sajrone pacaturan, kayata *menyatakan, memberitahukan, menyarankan, membanggakan, mengeluh, menuntut, melaporkan*. Ilokusi iki asipat netral saka segi kesopanan santunan, ilokusi asertif bisa kalebu kategori kolaboratif. Ananging ana saperangan bab ilokusi sing nduweni sipat proposisional kayata mbanggakake, nyombongake sing umume dianggep ora sopan, miturut Tarigan (2009:42).

(2) Tindak Tutur Ilokusi Direktif

Tindak tutur ilokusi direktif yaiku tindak tutur ilokusi kang ngasilake efek arupa tindakan sing ditindakake dening panutur kayata: *mesenake, mrintahake, nyuwun, nyaranake, nganjurake, nasehatake*. Kabeh iki kalebu sajrone kategori kompetitif, kaperang

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

dadi kategori ilokusi kasopan santunan negatip dadi penting, Tarigan (2009:42).

(3) Tindak Tutur Ilokusi Komisif

Tindak tutur ilokusi komisif yaiku ilokusi kang nggawe panutur kaiket tumindak ngenani wektu sing ana ing masa sabanjure. Kayata: *sumpah, berjanji, mengancam, menyatakan, kesanggupan*. Tindak tutur iki menahi informasi kang nuduhake dene panutur kasebut ana gayutane sing kaiket tindakan sing ana ing masa sabanjure

(4) Tindak Tutur Ilokusi Ekspresif

Tindak tutur ilokusi ekspresif yaiku tindak ilokusi sing nduweni fungsi kanggo nyerokake, minangka ujaran kang digunakake kanggo nyatakake sikap psikologis panutur tumrap kadadayan kayata, nesu, atur salam, nyerokake, kaget, pasrah, ngakoni, seneng, lara, ngesakake, gila, mangkel.

(5) Tindak Tutur Ilokusi Deklaratif

Tindak tutur ilokusi deklaratif yaiku ilokusi sing asil plaksanaane trep antarane isi panutur karo realitas. Kayata: nyerahake diri, mecat, mbebasake, menahi jeneng, ngangkat, menahi pidana. (Leech, 1989:105)

- (8) "...hayoo sapa kathik mbenjeng wong sing mati nggembol dosa, nggembol kesalahan-kesalahan aja nyalahne ya nek mbesok diumbah nok neraka..." (LD 2, H206, B19)

"...hayoo, siapa sampai besok orang yang meninggal membawa dosa, membawa dosa kesalahan-kesalahan jangan menyalahkan ya jika besok dicucui di neraka..."

Dhata (8) ing nduwur kasebut nduweni teges dene tuturan kasebut minangka tindak ilokusi deklaratif menahi pidana. Tuturan kasebut dituturake panutur marang pawongan kang ana ing papan pengajian ing kono. Tuturan kasebut nduweni maksud panutur nuturake informasi marang mitra tutur nalika K.H Ghofur ceramah pengajian.

2.2.3.2.1 Fungsi Tindak Tutur Ilokusi

Searle (sajrone Leech 1993:162), fungsi ilokusi bisa diklasifikasekake dadi patang jinis miturut kaliyan sesambungan fungsi-fungsi kasebut marang tujuwan-tujuwan sosial kang awujud tindak tanduk, sola bawa. Anane fungsi tindak tutur ilokusi kayata *kompetitif, konvivial, kolaboratif*, lan *konflikatif*.

Tindak tutur ilokusi nduweni maneka warna fungsi. Miturut Leech (sajrone Tarigan 1986:44) fungsi ilokusi bisa diklasifikasekake dadi patang jinis miturut kaliyan sesambungane fungsi-fungsi kasebut marang tujuwan-tujuwan sosial awujud tindak-tanduk lan sola

bawa, Anane fungsi tindak tutur ilokusi kayata: (1) *kompetitif*, (2) *konvivial*, (3) *kolaboratif*, lan (4) *konflikatif*. Fungsi-fungsi kasebut dijentrehake ana ing ngisor iki:

1) Kompetitif (saingan)

Fungsi kompetitif yaiku tuturan kang ora nduweni tatakrama (*discourteous*), kayata njaluk silihan kanthi swara meksa lan penahi *nada* panekanan dhuwur, sahingga ing kene nggayutake tata krama. Tujuwan *ilokusi* bebarengan kaliyan tujuwan sosial. Sajrone *ilokusi* kang nduweni fungsi *kompetitif* iki, tata krama nduweni sipat *negativ* lan tujuwane ngurangi *keharmonisan*, kayata: *memerintah, meminta, menuntut*, lan *mengemis*.

2) Konvivial (nyenengake)

Fungsi *konvivial* (nyenengake) yaiku tuturan kang nduweni tatakrama. Tujuwan *ilokusi* sadalan kaliyan tujuwan sosial. Sajrone fungsi iki, tata krama luwih *posisif* wujud lan tujuwane nggoleki kasempatan kanggo nindakake samubarang kang becik marang sapa-dha-padha, kayata: *menawarkan, mengajak* utawa *mengundang, menyapa, mengucapkan terimakasih*, lan *mengucapkan selamat*.

3) Kolaboratif (barengan)

Fungsi *kolaboratif* yaiku ora nggayutake tata krama amarga sajrone fungsi iki, tata krama ora *relevan*. Tujuwan *ilokusi* iki ora nggayutake tujuwan sosial, kayata: *menyatakan, melaporkan, mengumumkan*, lan *mengajarkan*

- (11) "...mangga sareng-sareng mujisukur dumateng ngarsane ALLAH subhanahu wata'ala, dene dalu menika kita sedaya diparingi gusti allah seger kewarasan sehat wa'afiat, ..." (L.D1, H164, B8)

"...ayo bersama-sama memuji syukur dihadapan Allah subha nahu wata'ala, karena dimalam ini kita semua diberi gusti Allah kesehatan..."

Dhata (11) kasebut minangka fungsi saka tindak tutur ilokusi kolaboratif kang asipat ngajak, amarga ora nggayutake tata krama ananging nduweni sawijine tujuwan kanggo bebener. Tindak tutur kang digunakake dening KH.Ghofur sajrone pengajian umum minangka tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo ngajak nindakake samubarang kang becik, saka ukara "**Mangga sareng-sareng mujisukur dumateng ngarsane ALLAH subhanahu wata'ala**" nuduhake dene panutur

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

ngajak mitra tutur supaya bebarengan mujisukur marang gusti Allah subhanahu wata'ala.

4) *Konflikatif* (oragathuk)

Fungsi *konflikatif* ora ngandhut unsur tata krama amarga fungsi iki adhedhasar tujuwane nuwuhake sipat nesu. Tujuwane *ilokusi konflikatif* kaliyan tujuwan sosial, kayata: *mengancam, menuduh, menyumpahi, lan memarahi*.

2.2.3.2 Tujuan Tindak Tutur Ilokusi

Tujuwan tindak tutur ilokusi yaiku panutur nduweni maksud utawa kekeparehan liya kang ditujokake marang mitra tutur sajrone tuturan kang digunakake kasebut. tindak tutur ilokusi uga nduweni pangribawa tumrap mityra tutur, saengga apa sing diandharake dening panutur kasebut minangka tumindak sajrone nindakake samubarang. Tujuwan tindak tutur ilokusi yaiku mitra tutur kudu mangerteni kanthi tenanan maksud saka tuturan kang di tuturake dening panutur, supaya tuturan kasebut bisa ditindakake lan mangribawani minangka pepeling kanggo mangribawani mitratutur.

2.2.3.3 Tindak Tutur Perlokusi

Tindak tutur perlokusi yaiku tuturan kang diandharake nduweni daya pangribawa utawa efek kanggo mitra tutur. (Wijana, 1996:19). Pangribawa saka daya iki bisa disengaja utawa ora disengaja, dikreasekake dening panutur. Tindak tutur sing di nduweni maksud kanggo mangribawani lawan tutur diarani tindak perlokusi. (Nadar: 2009:15) Tindak tutur perlokusi nunjuk wong sing ditujokake kayat, yakinake, mbujuki, merdaya, ngapusi, nyaranake, mganyelake, ngganggu ngedeni, ngalihake mbingungake.

2.2.3.5 Konteks Tutur

Konteks minangka situasi basa kang melu nemtokake makna sajrone tuturan. Miturut Tarigan (2009:33) dene konteks tuturan minangka lelandhesan pangetahuan sing dikirakake diduweni lan disarujuki bareng-bareng dening panutur lan mitra tutur tumrap apa sing dimaksud dening pamicara ngenani tuturan tartamtu. Miturt May (sajrone Ndar 2013:3-4) ngandharake konteks minangka mitra tutur bisa interaksi lan bisa mangerteni tuturan sing diandhraake dening panutur. Miturut parret (sajrone Andianto, 2000:65) mbedakake konteks dadi limang jinis, yaiku:

- 1) konteks kontekstual ngenani konteks arupa koteks yaiku ambane tuturan pawongan sing ngasilake teks. Konteks ngenani bagiyon lan medan wacana sing ana njerone ana wong-wong, panggonan, kadadayan, wujud, kasunyatan lan sapiturute. Sing wis dijlentrehake sajeorne pacaturan sadurunge utawa

sawise minangka latar kang nentokake ambane koteks kanggo mangerteni maksud tuturan kasebut.

- 2) Konteks eksistensial ngenani partisipan, wong, wektu, panggonan, sing ngiringi tuturan kasebut kayata sapa sing nuturake marang sapa tuturan kasebut diduduhake, uga kapan lan ana ngendi papan panggonane.
- 3) Konteks situasional ngenani jinis faktor tartamtu kerangka soial intitusi kang amba lan umum kayata pengadhilan, kantor polisi, rumah sakit, KUA, pasar, alas, uga nduweni pakulinan lan panuturan kang khas.
- 4) Konteks aksional ngenani tumindak, aksi utawa sola bawa non verbal sing nyertani tuturan kayata ndhangak, natap, ambegan, angop, lan sapiturute.
- 5) Konteks psikologis ngenani situasi psikis lan mental sing nyertani tuturan kasebut kaya ta, ngamuk, seneng, bungah, cidra, sedhih, lan sapiturute.

2.2.3.6 Landhesan Teori

Sajrone panliten iki nggunakake teori kang diandharake dening Searle minangka dhasar kanggo nitingi tuturan tindak ilokusi kang dituturake dening K.H Ghofur sajrone dakwah. Searle merang tindak ilokusi adhedhasar kriteria lan fungsi tindak tutur ilokusi, kayata ing ngisor iki:

Adhedhasar kriteria:
1) Asertif
2) Direktif
3) Komisif
4) Ekspresif
5) Deklaratif



Adhedhasar maneka warna fungsi :
1) nawakake
2) ngajak
3) ngundang
4) nyapa
5) ngaturake
6) matur nuwun
7) atur selamet
8) nglapurake
9) ngumumake

Adhedasar kriteria lan maneka warna fungsi, uga gegayutan karo konteks. Konteks yaiku latar belakang pengetahuan sing nduweni lan disarujuki bebarengan dening panutur lan mitra tutur (tarigan, 2009:33). Tindak tutur gegayutan karo aspek-aspek situasi ujaran kayata pamicara lan mitratutur, konteks ujaran, tujuwan ujaran, tindak tutur minangka tumindak utawa ilokusi, ucapan minangka tindak verbal (tarigan,2009:32).

METODHE PANLITEN

Sajrone metodhe panliten bakal kaandharake ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, tata cara ngetrepake instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asile dhata panliten.

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan sing digunakake sajrone panliten iki asipat *kualitatif*. Panliten *kualitatif* yaiku tradhisi tartamtu sajrone ilmu pengetahuan sosial, sing dadi dhasar gumantung saka pamawase manungsa sajrone kawasane lan sajrone menahi tetembungan. Panliten *kualitatif* iki gegayutan karo gegambarane panliti, ngenani objek sing dirembug sajrone panliten, metodhe iki kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek sing diteliti. Saengga bisa nyuguhake asil sing bener.

Panliten ngenani Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, iki kalebu panliten *kualitatif*, diarani *kualitatif* amarga kanggo nggambarake samubarang kanthi apa anane. Asile su,ber dhata kanggo nлити tindak tutur ilokusi dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, yaiku asil saka observasi utawa ngamati saka kaset VCD uga ngamati saka YOUTUBE , lan dhata dhokumentasi. Panliten iki ngolah dhata saka tembung-tembung sing diasilake saka tuturan-tuturan sajrone dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Dhata yaiku samubarang kang minangka *objek* panliten, sajrone panliten iki nggunakake dhata kang awujud tuturan saka

dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan.

Sumber dhata yaiku sumber subjek saka dhata kang dikanggokake sajrone panliten, sumber dhata diperang dadi loro, sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder, ing panliten iki nggunakake sumber dhata primer. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang asale saka *objek* sing diteliti, yaiku arupa kaset VCD ngenani dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, banjur dhata kang diteliti ana rong judhul, yaiku kanthi judhul " *Hikmah kisah sejarah kadadeane manungsa & ijazah kaya dunia Akhirat*" lan " *Printah ALLAH ke Rasulullah SAW*".

Dhata kang ana sajrone *objek* panliten tindak tutur ilokusi dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, yaiku arupa tuturan K.H Ghofur kang nggunakake basa jawa logat Lamongan , logat Gresik lan logat surabayaana nalika dakwah sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan.

3.3 Instrumen Panliten

Sugiyono (2012:02) ngandharake dene instrumen panliten yaiku sawijine sarana sing dikanggokake ngukur fenomena alam utawa sosial apa sing bakal diamati. Arikunto (2013:101) ngandharake dene instrumen yaiku sarana kanggo menakake panliti nganakake panliten sajrone nglumpukake dhata, uga nggampangake lan sistemati. Panliten iki nggunakake instrumen panliten utama lan instrumen panliten panyengkuyung.

1. instrumen panliten utama yaiku:

1) Panliti

Pawongan sing nлити panliten kasebut. panliti minangka instrumen sing utama, amarga panliti kasebut sing mangerteni perkara sing arep dionceki. Kayata, nganakake undherane panliten, landhesan panliten, irah-irahan, lan sapiturute.

2. instrumen paneliten panyengkuyung kayata:

1) Laptop

Minangka sawijine piranti sing dikanggokake *nganalisis* dening panliti ngenani sumber dhata sing awujud kaset VCD, ngenani dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul kecamatan Turi Kabupaten Lamongan

2) Polpen lan buku

Piranti kanggo nulis apa wae sing dianggep wigati tumrap panliti.

3) Kaset VCD

Minangka sawijine samubarang kanggo nyimpen asile rekaman kang awujud bunder gepeng.

3.4 Tata Carane Panliten

Sajrone panliten iki , nggunakake telung cara panliten yaiku, (1) nglumpukake dhata, (2) njlentrehake dhata, (3) ngandharake dhata, (sudharyanto,1986:62). Metodhe nyemak yaiku digunakake kanggo nyemak panggunakane basa. Teknik catat yaku teknik lanjutan sing ditindakake nalika kanggo ngetrepake metodhe nyemak.

3.4.1 Cara nglumpukake dhata

Sajrone panliten *kualitatif*, Arikunto (sajrone widyarini 2013:24) ngandharake dene teknik nglumpukake dhata sing utama yaiku teknik dokumentasi. Teknik dokumentasin yaiku nggoleki dhata ngenani bab sing arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, notulen, agenda.

Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani dhata - dhata sing salaras karo panliten iki. Saengga dhata sing ana bisa luwih di percaya. Dokumen sing ana yaiku arupa tuturan sing ana sajrone dakwah K.H Ghofur sajrone pengajian

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

umum ing desa Putat Kumpul Kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, kang nggunakake basa jawa. Kanthi nggunakake piranti arupa laptop, buku, polpen. Uga nyatheti samubarang sing dianggep wigati lan ana sambung rakete karo panliten sing ditindakake panliti.

3.4.2 Cara Njlentrehake Dhata

Dhata sing wis ana banjur ditranskrip lan diklarifikasi, sakabehe dhata diklompokake miturut jinise dakwah sing ditemokake ana maneka tuturan tindak ilokusi. Tuladhane kaya ing ngisor iki :

- (1) "...kula mangke langsung mboten usah nedha ten ngriki tak nedha tenngrika, mergi langsung, mboten usah disiap nedha nggih, acara dalu menika..." (L.D1, H165, B3)

"...saya nanti langsung, tidak usah makan disini saya makan disana saja, karena langsung, tidak perlu disiap makan disini ya, acara dimalam ini..."

Dhata (1) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu tindak tutur *asertif memberitahukan* (ngandhani). Bisa dibuktekake karo ukara "kula mangke langsung mboten usah nedha ten ngriki tak nedha tenngrika , mergi langsung, mboten usah disiap nedha nggih, medhun langsung pindah, acara dalu menika". Tuturan dituturake lumantar lisan lan kanthi cara monolog dening K.H Ghofur minangka panutur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur,. Ing sajrone dakwah pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra' mi'raj nabi muhammad S.A.W.* tuturan kasewbut dituturake kanthi jelas, teges, uga nduweni panekanan sajrone tembung tartamtu. Sakliyane kuwi tuturane kasebut uga dituturake kanthi nggunakake *ekspresi* biyasa lan dituturake nalika swasana santai.

Dhata kasebut nduweni maksud ngandhani sing nduwe hajat supaya ora nyiap panganan kanggo K.H Ghofur, amarga sabanjure dakwah agama pengajian umum ing papan kono, dheweke uga langsung pindah papan pangonan dakwah agama pengajian umum ing desa liyane. Panutur nduweni keparepan tumrap mitratutur dene ngandani supaya ora disiapake nedha. Mitratutur sajrone acara kasebut ana ibu-ibu, bapak bapak, rumaja, bocah cilik-cilik, uga sesepuh desa senajan ora akeh.

3.4.2.1 Transkrip Dhata

Yaiku nulis sakabehane dhata sing wis ditemokake, dhata sing ditemokake kanthi metodhe nyemak marang narasumber uga nyatheti dhata sing wis ditemokake sajrone rekaman kasebut, lan nggunakake

teknik cathet ditulis apa anane. Tujuwan transkripsi dhata kanggo meruhi sepira akehe dhata sing wis diklumpukake.

3.4.2.2 Klasifikasi Dhata

Dhata sing wis dipilih sajrone transkrip dhata banjur diklasifikasekake adhedhasar punjere panliten. Klasifikasi dhata ditindakake kanthi nglasifikasi tembung utawa ukara sing ngandhut wujud tindak ilokusi.

3.4.2.2.1 Klasifikasi Dhata adhedhasar Jinis Tindak Tutur

diandharake sajrone tabel 1. Kayata ing ngisor iki

No	Dhata	Jinise Tindak Tutur					Keterangan
		Arsetif	Direktif	Komisif	Ekspresif	Deklaratif	
1	kula mangke langsung mboten usah nedha ten ngriki tak nedha tenngrika , mergi langsung, mboten usah disiap nedha nggih , acara dalu menika	√					(LD.1, H165, B3) Panutur : K.H Ghofur Mitratur: sing nduwe hajat, audien (masyarakat) Suasana : rame Topik : ngandhani dene K.H Ghofur ora usah disiap nedha, amarga sabanjure pengajian ing papan pangonan kono, dheweke langsung ganti pindah, ing papan pangonan pengajian umum liya desa.

Katrangan:

- 1) Kolom I : isine nomer urut dhata.
- 2) Kolom II : isine tuturan sing wis di klasifikasi.
- 3) Kolom III : isine ngandharake jinise tindak tutur sajrone dhata sing wis diklasifikasi.
- 4) Kolom IV : isine ngandharake katrangan lan kaca sajrone CD.

Tabel 1, minangka tabel kang digunakake kanggo pengklasifikasian jinise tindak tutur kang dituturake dening K.H Ghofur. Tabel kasebut kaperang ana patang kolom yaiku nomer urutane dhata, tuturan, klasifikasi jinise tuturan, keterangan.

**TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING
DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN**

3.4.2.2.2 Klasifikasi Dhata Adhedhasar Fungsi Tindak Tutur

diandharake sajrone tabel 2. Kayata ing ngisor iki

No	Dhata	Fungsi Tindak Tutur				Katerangan
		kom potetif	Kon vivial	kolaboratif	konflik	
1	Mangga sareng-sareng mujisukur dumateng ngarsane ALLAH subhanahu wata'ala, dene dalu menika kita sedaya diparingi gusti allah seger kewarasan sehat wa'afiat, saengga saget sareng-sareng kempal wonten ngriki panggonan dalah acara matur kasuwun bebarengan, dene menapa gusti Allah ngeduno solat limang waktu ingkang acarane diwastani isra' mikraj	√				(L.D1, H 164, B15.) Panutur : K.H Ghofur Mitratur: sing nduwe hajat, audien (masyarakat) Suasana : rame Topik : ngajak bareng bareng ngucap puji syukur marang allah subhana uwata'ala

:

Katrangan:

- 1) Kolom I : isine nomer urut dhata.
- 2) Kolom II : isine tuturan sing wis di klasifikasi.
- 3) Kolom III : isine ngandharake fungsi tindak tutur sajrone dhata sing wis diklasifikasi.
- 4) Kolom IV : isine ngandharake katrangan lan kaca sajrone CD.

Tabel 2, minangka tabel kang digunakake kanggo pengklasifikasian fungsi tindak tutur kang dituturake dening K.H Ghofur. Tabel kasebut kaperang ana patang kolom yaiku nomer urutane dhata, tuturan, klasifikasi fungsi tuturan, katerangan.

3.4.2.2.3 Klasifikasi Dhata adhedhasar Konteks Tindak Tutur

diandharake sajrone tabel 3. Kayata ing ngisor iki

No	Dhata	KonteksTindak Tutur					Katerangan
		konteks kontekstual	Konteks eksistensial	Konteks situasional	Konteks aksional	Konteks psikologis	
1	alhamdulillah pondhok sunand rajat saniki rame malih sing ngebek i wong surabaya, gara gara wedi bonek dibuwak ten sunand rajat sedaya hahaha, (audien ahahah a).					√	(LD2, H186, B14) Panutur : K.H Ghofur Mitratur: sing nduwe hajat, audien (masyarakat) Suasana : rame Topik : ngandhani dene pondhok K.H Ghofur muride akeh sing saka surabaya

Katrangan:

- 1) Kolom I : isine nomer urut dhata.
- 2) Kolom II : isine tuturan sing wis di klasifikasi.
- 3) Kolom III : isine ngandharake konteks tindak tutur sajrone dhata sing wis diklasifikasi.
- 4) Kolom IV : isine ngandharake katrangan lan kaca sajrone CD.

Tabel 3, minangka tabel kang digunakake kanggo pengklasifikasian konteks tindak tutur kang dituturake dening K.H Ghofur. Tabel kasebut kaperang ana patang kolom yaiku nomer urutane dhata, tuturan, klasifikasi jinise tuturan, katerangan.

3.4.2.3 Cara Nyguhake Asil Jlentrehan Dhata Panliten

Cara nyguhake asile njlentrehake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi cara nggolongake tuturan kategori lan fungsi tindak tutur ilokusi. Dhata sing wis dijlentrehake banjur diandharake kanthi sakabehe asil panjlentrehan dhata kasebut awujud laporan tulis kang dianalisis dening panliten. Banjur asile panliten kasebut di klumpukake awujud draf skripsi.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Sajrone bab iki ngandharake ngenani analisis dhata saka asile panliten, dhata kang dijlentrehake ing bab iki uga trep karo punjere perkara saka panliten kang

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

ana ing tindak tutur ilokusi K.H Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kumpul, Kecamatan Turi, Kabupaten Lamongan. Dhata kang diandharake uga dijilentrehake kanthi trep karo pitakonan kang ana sajrone punjere perkara ing panliten, asile panliten utawa bahasan kasebut diperang dadi lima miturut karo peranganane tindak tutur ilokusi kang dijilentrehake dening searle, kaya ing ngisor iki.

4.1 Jinis Tindak Tutur Ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika Dakwah.

Tindak tutur ilokusi kaperang dadi lima yaiku, tindak tutur ilokusi asertif, tindak tutur ilokusi direktif, tindak tutur ilokusi komisif, tindak tutur ilokusi ekspresif, tindak tutur ilokusideklaratif. Saka lima jinise tindak tutur ilokusi kasebut, bakal diandharake ing ngisor iki: tindak tutur ilokusi asertif, tindak tutur ilokusi direktif, tindak tutur ilokusi komisif, tindak tutur ilokusi ekspresif, tindak tutur ilokusi deklaratif

Jinis tindak tutur ilokusi kang ana sajrone panliten iki yaiku ngenani tindak tutur ilokusi *asertif*, *tindak tutur direktif*, *tindak tutur ilokusi deklaratif*, *tindak tutur ilokusi komisif* lan *tindak tutur ilokusi ekspresif*, bisa dibuktekake saka tuladha ing ngisor iki:

- (1) "...hadirin sedaya ingkang minulya, janjine kalih kula teka langsung diunggahna. Mergi mangke badhe pindah nggene pembaru ngrika, cek isa ngomong dawakula mangke langsung mboten usah nedha ten ngriki tak nedha tenngrika, mergi langsung, mboten usah disiahi nedha nggih, medhun langsung pindhah, acara dalu menika..." (L.D1, H165, B1)

"...hadirin sekalian yang mulia, janjinya dengan saya, saya datang langsung dinaikkan. Karena nanti mau pindah di pembaru sana, supaya bisa bicara panjang nanti langsung tidfak usah makan disini, saya makan disana saja, karena langsung, tidak usah disiahi makan disini ya, turun langsung pindah, acara malam ini..."

Dhata (1) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu ing jinise tindak tutur *asertif memberitahukan* (ngandhani). Bisa dibuktekake karo ukara "**janjine kalih kula teka langsung diunggahna. Mergi mangke badhe pindah nggene pembaru ngrika, cek isa ngomong dawakula mangke langsung mboten usah nedha ten ngriki tak nedha tenngrika, mergi langsung**". Ukara kasebut kanggo negesake dene tuturan kasebut pancen tindak tutur *asertif memberitahukan*. Tuturan kasebut dituturake limantar lisan lan omong dening K.H Ghofur minangka panutur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur. Ing sajrone dakwah agama pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra' mi'raj nabi muhammad S.A.W.* tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, uga ana panekanan sajrone tembung

tartamtu, lan dituturake kanthi ekspresi biyasa lan dituturake nalika swasana santai.

4.1.1 Tindak Tutur Ilokusi Asertif

Tindak tutur ilokusi asertif yaiku sawijine tindak tutur kang bisa digunakake kanggo nuturake proposisi utawa micara ngenani bab lan samubarang kang diarani bener lan pener kanthi apa anane dening panutur marang mitra tutur.

4.1.1.1 Tindak Tutur Ilokusi Asertif Memberitahukan (Ngandhani)

Tindak Tutur *Ilokusi Asertif Memberitahukan* (Ngandhani) minangka tindak tutur kang ditindakake dening panutur kanggo nuturake *informasi* kang manpaat kanggo mitra tutur, dituturake kanthi cetha supaya mitra tutur mangerteni apa kekepareane lan apa sing pengin disampekake dening panutur, sajrone panliten iki nggunakake tuturan Dhakwah agama pengajian umum kang ditindakake dening panutur K.H Ghofur sajrone pengajian umum. Kayata tuladha ing ngisor iki:

4.1.1.1.1 Tindak Tutur Ilokusi Asertif Memberitahukan (Ngandhani) Tumrap Bebener

- (6) "...Allah ngendika "*mayaf alullahiadzabikum insyakartum insyakartum waaaman tum*" cara jawane ngeten, mboten-mboten buu, gak-gak paak, aja kuwatir," (L.D 1, B28, H166)

"...Allah mengatakan "*mayaf alullahiadzabikum insyakartum insyakartum waaaman tum*" cara jawanya begini, tidak-tidak buu, tidak-tidak paak, jangan khawatir, h..."

Dhata (6) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu ing jinise tindak tutur *asertif memberitahukan* (ngandhani). Bisa dibuktekake karo ukara "**Allah ngendika "*mayaf alullahiadzabikum insyakartum insyakartum waaaman tum*" cara jawane ngeten, mboten-mboten buu, gak-gak paak, aja kuwatir.**". Ukara kasebut kanggo negesake dene tuturan kasebut pancen tindak tutur *asertif memberitahukan*. Tuturan kasebut dituturake limantar lisan lan omong dening K.H Ghofur minangka panutur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur. Ing sajrone dakwah agama pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra' mi'raj nabi muhammad S.A.W.* tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, uga ana panekanan sajrone tembung tartamtu, lan dituturake kanthi ekspresi biyasa lan dituturake nalika swasana santai.

4.1.1.1.2 Tindak Tutur Ilokusi Asertif Memberitahukan (Ngandhani) Minangka Piweling

- (11) "...dadi uwong nglakoni solat sedina ping lima iku dosane resiiik siiiksiiiik, resike iku dosane saking resike sampek kanjeng nabi

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

ngendika, no hadist shokheh, sing cara jawanen ngeten,..." (L.D1, B11, H 172)

"...jadi orang melakukan solat, sehari lima kali itu dosanya bersih, siih, siiih, bersihnya itu dosanya, sangking bersihnya, sampai kanjeng nabi mengatakan, di hadist shokheh, yang cara jawanya begini..."

Dhata (11) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu ing jinise tindak tutur *asertif memberitahukan* (ngandhani). Bisa dibuktekake karo ukara "**Dadi uwong nglakoni solat sedina ping lima iku dosane resiik siiik siiik, resike iku dosane saking resike sampek kanjeng nabi ngendika, no hadist shokheh, sing cara jawanen ngeten**". Ukara kasebut kanggo negesake dene tuturan kasebut pancen tindak tutur *asertif memberitahukan*. Tuturan kasebut dituturake limantar lisan lan omong dening K.H Ghofur minangka panutur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur. Ing sajrone dakwah agama pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra' mi'raj nabi muham mad S.A.W.* tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, uga ana panekanan sajrone tembung tartamtu, lan dituturake kanthi ekspresi biyasa lan dituturake nalika swasana santai.

4.1.1.1.3 Tindak Tutur Ilokusi Asertif Memberitahukan (Ngandhani) Tumrap Pituduh

(17) "...sampean maca solawat lantaran dhzikir maca solawat dengan susunan kata kata, "*shalallah 'ala Muhammad*", titeni nek sampeyan urusan tata krama, urusan apike kelakuan, nek maca solawat dengan susunan, "*allahumasshali'ala saiyidina muhamad*" umpamane enek prawan sing gedhe gak payu-payu laki, ditawak tawakna gak enek sing ngarepi, enten teng mriki?..." (L.D1, B28, H180)

"...kalian membaca solawat dengan dzikir membaca susunan kata-kata "*shalallah 'ala muhammad*", bisa dilihat jika kalian berurusan tata krama, urusan baiknya kelakuan, jika membaca solawat dengan susunan "*allahuma shalli'alla syaidina muhammad*" seumpama ada perawan yang besar tidak laku-laku cowok, ditawar tawarkan gak ada yang laku, ada disini..."

Dhata (17) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu ing jinise tindak tutur *asertif memberitahukan* (ngandhani). Bisa dibuktekake karo ukara "**Sampean maca solawat lantaran dhzikir maca solawat dengan susunan kata kata, "*shalallah 'ala***

Muhammad", titeni nek sampeyan urusan tata krama, urusan apike kelakuan, nek maca solawat dengan susunan, "*allahumasshali'ala saiyidina muhamad*" umpamane enek prawan sing gedhe gak payu-payu laki, ditawak tawakna gak enek sing ngarepi, enten teng mriki?, pundi larene? Gak usah didhukokna, ndak ngentek ngenteki gedhang raja, lhaaaa sampeyan tangi bengi tengah wengi apa maneh mari solat kengken ndonga, ndongane piye pak, pusatna konsentrasi njaluk ring gusti allah iku fokusna siji-siji aja semtrawut malaikate bingung". Ukara kasebut kanggo negesake dene tuturan kasebut pancen tindak tutur *asertif memberitahukan*. Tuturan kasebut dituturake limantar lisan lan omong dening K.H Ghofur minangka panutur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur. Ing sajrone dakwah agama pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra' mi'raj nabi muham mad S.A.W.* tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, uga ana panekanan sajrone tembung tartamtu, lan dituturake kanthi ekspresi biyasa lan dituturake nalika swasana santai.

4.1.1.2 Tindak Tutur Ilokusi Asertif Menyatakan (Micara)

Tindak Tutur *Ilokusi Asertif Menyatakan* (Micara) minangka tindak tutur kang ditindakake dening panutur kanggo nuturake *informasi* kang apa anane utawa adhedhasar kasunyatan, Tindak Tutur *Ilokusi Asertif Menyatakan* (Ngandhani) asipat *subjektif*, tegese *subjektif* yaiku miturut saka pamawase panutur kasebut. Dhata kang kalebu jinise Tindak Tutur *Ilokusi Asertif Menyatakan* (Micara) sajrone tuturane K.H Ghofur kasebut kayata ing ngisor iki:

(21) "...bandhane king pundi pak pur?, utang, kula sekali utang rongatus milyar, telungatus milyar, utang trek satus, trek guwedhi niku kaya ning Sunandrajat, sangangpuluh milyar rata-rata gak sampek rong puloh taun lunas. Hayoo sampeyan humegi lak ya mumet ndase sampeyan, kathik tingkat papat kabeh." (L.D1, B25, H182)

"...hartanya dari mana pak Pur?, hutang, saya sakali hutang duaratus milyar, tiga ratus milyar, hutang truk seratus, truk yang besar-besar itu kayak di sunandrajat, sembilan puluh milyar rata-rata tidak sampek dua tahun lunas. Hayooo kalian pikirkan nanti pusing kepala kalian, bertingkat empat semua"

Dhata (21) nduweni teges dene tuturan kasebut klebu ing jinise tindak tutur *ilokusi asertif menyatakan* (micara). Amarga awujud tuturan kang nduweni maksud micara marang mitratutur kanthi apa anane kang trep karo kasunyatan. Tuturan kasebut minangka omongane

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

saka panatur dhewe kang nduweni sipat subjektif, bisa dibuktekake kro ukara “**kula sekali utang rongatus milyar, telungatus milyar, utang trek satus, trek guwedhi niku kaya ning Sunandrajat, sangangpuluh milyar rata-rata gak sampek rong taun puloh lunas. Hayoo sampeyan humegi lak ya mumet ndase sampeyan, kathik tingkat papat kabeh, lhoo yaknapa, kula lho wong kendel utang pak carane yak napa?, “shalallah ‘ala muhammad , sallah ‘ala muhammad” sampek ping sewu kula maca tengah weng, niate sitok, yaAllah wancine nyaur dereng gadhah yatra, kok mentalane gustii, ana wae sing nggarai isa nyaur utang.**” Tuturan dututurake lumantar lisan lan monolog dening KH. Ghofur minangka panatur marang *audien* (masyarakat) minangka mitra tutur. Ing sajrone pengajian umum kanthi tema *Perintah ALLAH ke Rasulullah SAW*, kanggo mengeti *isra’ mi’raj nabi muhammad S.A.W.* tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, uga ana penekanan sajrone tembung tartamtu, sakliyane kuwi, tuturan kasebut dituturake kanthi ekspresi biyasa, lan dituturake kanthi swasana santai lan tenang.

4.1.3 Tindak Tutur Ilokusi Direktif

Tindak tutur ilokusi direktif yaiku tindak tutur ilokusi kang ngasilake efek arupa tindakan sing ditindakake dening panatur kayata: *mesenake, mrintahake, nyuwun, nyaranake, nganjurake, nasehatake.*

- (64) “...ekone tulung diputer cilik mas, basse aja gedhi-gedhi nemen mas ben gak mbengung ndek kuping, lha wes, sakmene ae, ngeneki kan dirungokne ya penak, gak kaya maeng, wang wung wang wung ndek kuping...” (L.D 1, H164, B9)

“...ekonya tolong dikecilkan mas, bassnya jangan besar-besar sekali mas, biar tidak mbengung di telinga, lha sudah, begini kan didengarkan enak, tidak seperti tadi, wang wung wang wung di telinga...”

Dhata (64) ing nduwur nduweni teges dene tuturan kasebut klebeu tindak tutur ilokusi direktif mrintah. Amarga tuturan kasebut dituturake trep karo kang dikarepake panature yaiku ngrewangi tuku blanja. Tuturan kasebut nduweni maksud ngenani anane asil utawa efek arupa tumindak kang ditindakake dening mitra tutur sawise krungu tuturan “**Ekone tulung diputer cilik mas, basse aja gedhi-gedhi nemen mas ben gak mbengung ndek kuping**” kasebut, langsung tukang sound soistem nglakokake apa sing dituturake dening K.H Ghofur, tuturan kasebut dituturake K.H Ghofur marang tukang sound sistem sajrone acara pengajian. Panatur nduweni maksud marang mitra tutur supaya mitra tutur ndakake apa kang dikarepake dening panatur yaiku nindakake pakaryan kaya apa sing dituturake panatur.

4.1.4 Tindak Tutur Ilokusi Komisif

Tindak tutur ilokusi komisif yaiku ilokusi kang nggawe panatur kaiket tumindak ngenani wektu sing ana ing masa sabanjure. Kayata: *sumpah, berjanji, mengancam, menyatakan, kesanggupan.* Tindak tutur iki menahi informasi kang nuduhake dene panatur kasebut ana gayutane sing kaiket tindakan sing ana ing masa sabanjure, tuladhane kaya ing ngisor iki:

- (65) “...alhamdulillah mangga sareng sareng muji syukur ngersaning allah subhanahuwata’ala, dene menapa kita sedaya dalu menika diparingi gusti Allah seger kewarasan sehat wa’afiat sahingga saget sareng sareng kempaal wonten mriki panggonan, dalam acara memperingati hari kejadian HAOL, muga muga nggih kempal kita dalu menika angsal ridhane Allah subhanahu wata’alla...” (L.D2, H185, B7)

“...alhamdulillah, ayo bersama-sama memuji syukur kehadiran Allah subhanahuwata’ala, karena kita semua malam ini diberikan gusti Allah kesehatan, sehingga bisa bersama-sama berkumpul ditempat ini, dalam acara memperingati hari jadi HAOL, semoga berkumpulnya kita malam ini dapat ridha dari Allah subhanahu wata’ala...”

Dhata (65) ing nduwur kasebut nduweni teges dene tuturan kasebut kalebu *tindak tutur ilokusi komisif menyatakan*, amarga tuturan iki ngiket panature supaya janjine kasebut dielingi lan ditrapake. Bab iki nggawa konsekuensi kanggo panatur karo tuturan kang dituturake kasebut. tuturan kasebut dituturake dening bapak-bapak, ibu-ibu, uga adhik-adhik sing ana ing papan pengajian ing kono.. Tuturan kasebut nduweni maksud supaya sapa wae sing ana ing panapan pengajian kono padha ngucap syukur marang gusti allah subhanahu wata’ala

4.1.5 Tindak Tutur Ilokusi Deklaratif

Tindak tutur ilokusi deklaratif yaiku ilokusi sing asil plaksanaane trep antarane isi panatur karo realitas. Kayata: *nyerahake diri, mecat, mbebasake, menahi jeneng, ngangkat, menahi pidana.* (Leech, 1989:105)

- (66) “...hayoo sapa kathik mbenjeng wong sing mati nggembol dosa, nggembol kesalahan –kesalahan aja nyalahne ya nek mbesok diumbah nok neraka, diucek ucek, dithuthuki gepuki teng mrika supaya cek isa mlebu suwarga...” (L.D 2, H206, B27)

“...hayoo, siapa sampai besok orang yang meninggal membawa dosa, membawa dosa kesalahan-kesalahan jangan menyalahkan ya jika besok dicucui di neraka, diucek-ucek, dipukuli disana supaya bisa masuk surga...”

Dhata (66) ing nduwur kasebut nduweni teges dene tuturan kasebut minangka tindak ilokusi deklaratif menahi pidana. Tuturan kasebut dituturake panatur

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

marang pawongan kang ana ing papan pengajian ing kono. Tuturan kasebut nduweni maksud panutur nuturake informasi marang mitra tutur nalika K.H Ghofur ceramah pengajian.

4.2 Fungsi Tindak Tutur Ilokusi

Tujuwan tindak tutur ilokusi yaiku panutur nduweni maksud utawa kekeparehan liya kang ditujokake marang mitra tutur sajrone tuturan kang digunakake kasebut. tindak tutur ilokusi uga nduweni pangribawa tumrap mityra tutur, saengga apa sing diandharake dening panutur kasebut minangka tumindak sajrone nindakake samubarang. Tujuwan tindak tutur ilokusi yaiku mitra tutur kudu mangerteni kanthi tenanan maksud saka tuturan kang di tuturake dening panutur, supaya tuturan kasebut bisa ditindakake lan mangribawani minangka pepeling kanggo mangribawani mitratutur.

4.2.1 Fungsi tindak tutur ilokusi Konvivial

Sajrone tuturan dakwah pengajian umum KH.Ghofur iki uga ditemokake fungsi *konvivial* yaiku *mengucapkan terimakasih*, tuturan sajrone dakwah pengajian umum KH.Ghofur diarani nduweni fungsi *konvivial mengucapkan terimakasih* kasebut bisa dibuktekake sajrone tuturan ing ngisor iki:

(74) “*Ingkang minulya para ulama’ sesepuh sedaya ingkang sangeet kawula mulyaaken, bapak bapak kiyai sedaya mawon ingkang minulya hadiren kaum muslimin wal muslimat ingkang sangeet kawula mulyaaken*” (L.D 2, H164, B5)

“ yang terhormat para ulama’ sesepuh semua yang sangat saya muliyakan, bapak kiyai semua yang muliya, hadirin kaum muslimin wal muslimat yang sangat saya muiyakan,

Dhata (74) kasebut minangka fungsi saka tindak tutur ilokusi konvivial kang asipat *menyapa* (nyapa), amarga ora nggayutake tata krama ananging nduweni sawijine tujuwan kanggo bebener. Tindak tutur kang digunakake dening KH.Ghofur sajrone pengajian umum minangka tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo ngajak nindakake samubarang kang becik, saka ukara **“Ingkang minulya para alim ulama’ sesepuh sedaya ingkang sangeet kawula mulyaaken, bapak bapak kiyai sedaya mawon ingkang minulya hadiren kaum muslimin wal muslimat ingkang sangeet kawula mulyaaken”** nuduhake dene panutur nyapa mitra tutur kang ana ing papan panggonan kono, mula KH. Ghofur menahi bage binage saperlu kanggo neungi mitra tutur ing papan panggonan kono.

4.3 Konteks Dakwah kang ana sajrone Tindak Tutur Ilokusi K.H Ghofur kang digunakake nalika dakwah.

Konteks minangka situasi basa kang melu nemtokake makna sajrone tuturan. Konteks tuturan minangka lelandhesan pangetahuan sing dikirakake diduweni lan disarujuki bareng-bareng dening panutur lan mitra tutur tumrap apa sing dimaksud dening

pamicara ngenani tuturan tartamtu. konteks dibedakake dadi limang jinis, yaiku:

- 1) konteks kontekstual ngenani konteks arupa koteks yaiku ambane tuturan pawongan sing ngasilake teks. Konteks ngenani bagiyana lan medan wacana sing ana njerone ana wong-wong, panggonan, kadadayan, wujud, kasunyatan lan sapiturute. Sing wis dijlentrehake sajeorne pacaturan sadurunge utawa sawise minangka latar kang nentokake ambane koteks kanggo mangerteni maksud tuturan kasebut.
- 2) Konteks eksistensial ngenani partisipan, wong, wektu, panggonan, sing ngiringi tuturan kasebut kayata sapa sing nuturake marang sapa tuturan kasebut diduduhake, uga kapan lan ana ngendi papan panggonane.
- 3) Konteks situasional ngenani jinis faktor tartamtu kerangka soial intitusi kang amba lan umum kayata pengadhilan, kantor polisi, rumah sakit, KUA, pasar, alas, uga nduweni pakulinan lan panuturan kang khas.
- 4) Konteks aksional ngenani tumindak, aksi utawa sola bawa non verbal sing nyertani tuturan kayata ndhangak, natap, ambegan, angop, lan sapiturute.
- 5) Konteks psikologis ngenani situasi psikis lan mental sing nyertani tuturan kasebut kayata, ngamuk, seneng, bungah, cidra, sedhik, lan sapiturute.

Ing konteks tuturan dakwah kang digunakake dening KH.Ghofur nalika ceramah Pengajian Umum ing Desa Puthat Kecamatan Turi Kabupaten lamongan yaiku nggunakake konteks *aksional* lan konteks *eksistensial*.

4.3.1 Konteks Aksional

Kontek aksional yaiku konteks kang ngenani tumindak, aksi utawa salah bawa non verbal kang nyertani tuturan. Nalikane KH.Ghofur ceramah Pengajian Umum in Desa Puthat Kecamatan Turi Kabupaten lamongan, sajrone tuturane kasebut nggunakake konteks aksional kayata, ngguyu, tolah-toleh, ngangkat tangan, mrengut.

4.3.1.1 Konteks Aksional Ngguyu

Kontek aksional yaiku konteks kang ngenani tumindak, aksi utawa salah bawa non verbal kang nyertani tuturan. Nalikane KH.Ghofur ceramah Pengajian Umum in Desa Puthat Kecamatan Turi Kabupaten lamongan, sajrone tuturane kasebut nggunakake konteks aksional kayata, ngguyu, bisa dibuktekake tuladha ing ngisor iki:

(75) “Alhamdulillah pondhok sunandrajat saniki rame malih sing ngebeki wong surabaya, *gara gara wedi bonek dibuwak ten sunandrajat sedaya.* (*audien ahahaha*).” (L.D2, H186, B14)

“Alhamdulillah pondhok sunandrajat sekarang ramai jadi yang memenuhi orang surabaya, gara-gara takut sama bonek dibuang di

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

sunsandrajat semua hahaha, (audien tertawa hahahaha)

Dhata (75) kasebut minangka kontekas aksional ngguyu, amarga ora nggayutake tata krama ananging nduweni sawijine tujuwan kanggo panglipur. Tindak tutur kang digunakake dening KH.Ghofur sajrone pengajian umum minangka tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo ngajak nindakake samubarang kang becik, saka ukara “**gara gara wedi bonek dibuwak ten sunandrajat sedaya, (audien ahahaha)**”. Nnuduhake dene panutur ngajak gojegan mitra tutur supaya ora sepaneng anggone ngrungokne pengajian K.H Ghofur.

4.3.1.2 Konteks Aksional Tolah-toleh

Kontek aksional yaiku konteks kang ngenani tumindak, aksi utawa solah bawa non verbal kang nyertani tuturan. Nalikane KH.Ghofur ceramah Pengajian Umum in Desa Puthat Kecamatan Turi Kabupaten lamongan, sajrone tuturane kasebut nggunakake konteks aksional kayata tolah-toleh, bisa dibuktekake saka tuladha ing ngisor iki:

(76) “Manungsa ya ngono, pethenthang pethenthang lali rina lali wengi awan kepanasan bengi kudanan ngge golek donya brana, ge ndandani omahe, kumpulna kumpulna kumpulna, bareng omahe wis mari, apike setengah mati, gurung tuwuk ngenggoni dadakan ditinggal mati. (lingkak-linguk) (L.D2, H187, B7)

“ Manusia ya gitu penthentang-pethentheng lupa hari lupa malam siang kepanasan, malam kedinginan, mencari harta benda dunia brana, untuk mbenahi rumah, ketika ryumahnja sudah jadi, ditinggal orangnya mati, (lingkak-linguk)”

Dhata (76) kasebut minangka kontekas aksional ngguyu, amarga ora nggayutake tata krama ananging nduweni sawijine tujuwan kanggo panglipur. Tindak tutur kang digunakake dening KH.Ghofur sajrone pengajian umum minangka tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo ngajak nindakake samubarang kang becik, saka ukara “**bareng omahe wis mari, apike setengah mati, gurung tuwuk ngenggoni dadakan ditinggal mati. (lingkak-linguk)**”. nuduhake dene panutur ngudarasa nalika ceramah banjur diwenehi ekspresi lingkak-linguk.

4.3.2 Konteks Eksistensial

Konteks eksistensial yaiku konteks kang ngenani partisipan marang uwong, wektu, papan panggonan, kang ngiringi tuturan kasebut kayata sapa kang nuturake lan marang sapa tuturan kasebut dituduhake.

Nalika panutur ceramah agama partisipane utawa mitra tuture masyarakat Desa Puthat Kecamatan Turi Kabupaten Lamongan, wektune nalika ceramah kasebut bengi. Panggonane ana ing omahe sing nduwe khajat,

kang dadi panutur yaiku KH.Ghofur saka Pondok Sunan drajat panceng Lamongan. Ceramah agama kasebut dituturake marang masyarakat Putat nalika mingeti Isra’Mi’raj Nabi Muhammad S.A.W. bisa dibuktekake saka tuladha ing ngisor iki:

(79) Panutur : K.H Ghofur
Mitratur : sesepuh,
bapak,ibu, cah cilik-cilik
Papan : desa putat,
kecamatan turi, kabupaten lamongan
Waktu : bengi
Konteks : ngandarake
kahanan pondhok suann drajat

K.h Ghofur : Alhamdulillah pondhok sunandrajat saniki rame malih sing ngebeki wong surabaya, gara gara wedi bonek dibuwak ten sunandrajat sedaya, (L.D2,B14, H186)

Mitratur : audien ahahaha.

Dhata (79) kasebut minangka konteks eksistensial yaiku ngandharake kahanan pondhok sunan drajat ngenani sing ngebeki pondhok kasebut yaiku rata-rata wong surabaya, ing kene K.h Ghofur uga menehi gojegan supaya situasi pengajian ora sepaneng, yaiku kanthi cara nyilimurake gojegan bab wong surabaya wedi bonek mula padha dibuwaki ing pondhok sunandrajat kabeh, mitratatur uga ngrespon kanthi ngguyu. respon saka wangsulun mitratatur kasebut nduweni daya pangribawa lumantar tuturan Kh.Ghofur

PANUTUP

Bab V isine ana rong bab yaiku bab dudutan lan bab pramayoga tindak tutur ilokusi dakwah KH.Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan.

5.1 Dudutan

Adhedhasar asile panliten tindak tutur ilokusi dakwah Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan. Ngasilake dudutan ngenani jinise tindak tutur ilokusi asertif, ekspresif, direktif, komisif, lan deklaratif sajrone pengajian umum Kh.Ghofur, pendhekatan dakwah kang digunakake sajrone tuturan, konteks tuturan kang digunakake ing ceramah Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan kaya ing ngisor iki.

Jinise tindak tutur ilokusi asertif cacache ana 58 tuturan nuwuhake wujud tindak tutur kayata: tindak tutur ilokusi asertif ngandhani cacache ana 20 tuturan,

TINDAK TUTUR ILOKUSI DAKWAH K.H GHOFUR SAJRONE PENGAJIAN UMUM ING DESA PUTAT KECAMATAN TURI KABUPATEN LAMONGAN

tindak tutur *ilokusi asertif* micara cacahé ana 20 tuturan, tindak tutur *ilokusi asertif* menéhi anjuran cacahé ana 10 tuturan, tindak tutur *ilokusi asertif* nglapurake cacahé ana 4 tuturan, tindak tutur *ilokusi asertif* nggunggung cacahé ana 4 tuturan. Ana manéh tindak tutur *ilokusi ekspresif* cacahé ana 6 tuturan, bisa nuwuhake wujud tindak tutur *ilokusi ekspresif* kayata tindak tutur *ilokusi ekspresif* nesu lan tindak tutur *ilokusi ekspresif* ngakoni. tindak tutur *ilokusi ekspresif* nesu cacahé ana 4 tuturan, tindak tutur *ilokusi ekspresif* ngakoni cacahé ana 2 tuturan. Ana manéh tindak tutur *ilokusi direktif* cacahé ana 1 tuturan. Ana manéh tindak tutur *ilokusi komisif* cacahé ana 1 tuturan, banjur ana manéh tindak tutur *ilokusi deklaratif* kang cacahé ana 1 tuturan.

Fungsi tindak tutur ing dakwah kang digunakake Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan nggunakake fungsi tindak tutur *ilokusi Kompetitif*, fungsi tindak tutur *ilokusi kompetitif* sajrone panliten iki diperang ana 3 yaiku fungsi tindak tutur *ilokusi Kompetitif* mrintah, cacahé ana 1 tuturan, fungsi tindak tutur *ilokusi Kompetitif* janji cacahé ana 1 tuturan, fungsi tindak tutur *ilokusi Kompetitif* njaluk cacahé ana 1 tuturan. Banjur ana manéh fungsi tindak tutur *ilokusi kolaboratif* cacahé ana 1 tuturan. Ana fungsi tindak tutur *ilokusi konfliktif* cacahé ana 1 tuturan, lan fungsi tindak tutur *ilokusi konvivial* cacahé ana 1 tuturan. Sajrone fungsi kasebut nuduhake karep lan tujuwan utama sajronen tuturan.

Konteks tuturan dakwah kang digunakake ing ceramah Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan nggunakake *konteks eksistensial* ngenani partisipan pawongan kayata: wong, wektu, panggonan kang ngiringi tuturan kasebut dituturake kayata sapa kang nuturake, sapa kang dadi mitratutur, kapan lan ing ngendi ituturan kasebut dituturake. Nalika panutur nganakake ceramah agama kepriye partisipan masyarakat ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan. Wektu nalika ceramah agama kasebut ing wayah bengi, papan panggonane ana ing omahe wong desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan. Kang dadi panutur yaiku KH.Ghofur pengasuh PONPES Sunan Drajat kang manggon ing papan panggonan Paciran Lamongan. Cermah agama kasebut dituturake marang masyarakat putat nalika mringeti dina israh' mi'raj Nabi Muhammad S.A.W. Konteks aksional ngenani tumindak aksi utawa perilaku-perilaku non verbal kang nyertani tuturan kasebut nalika K.H Ghofur ceramah agama sajrone tuturane akeh sing nggunakake konteks aksional kayata ngguyu, ngangkat tangan, mrengut, tolah-toleh nalika ing nduwur panggung.

Pramayoga

Adhedhasar asile panliten ngenani tindak tutur *ilokusi dakwah* Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi kabupaten lamongan.saran sajrone panliten iki kanggo panliti sabanjure kng arep nlti ngenani tindak tutur dakwah kudu luwih dhisik netepake teori kang arep digunakake sadurunge nindhakake panliten iki, supaya asile panliten kang ditliti kanthi jeru. Ing panliten iki panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi tindak tutur *ilokusi dakwah* Kh. Ghofur sajrone pengajian umum ing desa putat kecamatan turi ka bupaten lamongan. Isish perlu dirembakake supaya asile sabanjure bisa luwih sampurna

KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 1995. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of pragmatics. Terjemahan kedalam bahasa indonesia dilakukan oleh M.D.D.Oka.1993. prinsip-prinsip pragmatik*. Jakarta: UI Press: London: Loman.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip pragmatik*. (diterjemahan oleh M.D.D.Oka dan Setyadi Setyapranata). Jakarta: Penerbit Universitas Indonesia.
- Moleong,lexy J. 2012. *Metodologi penelitian kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Sudaryanto,1993. *Metodhe dan Aneka analisis Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistis*. Yogyakarta:Duta Wacana University Press
- Suyono. 1991. *Pengajaran pragmatik*. Malang: Yayasan Asih Asab, Asuh (Y3A).
- Rustono. 1999. *Pokok-pokok Pragmatik*. Semarang : IKIP Semarang Press.
- Tarigan,H.G.2009. *pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan,Heri Guntur.1986. *pengajar wacana*. Malang: Yayasan Asih: Angkasa
- Wijana,I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offiset.
- Wijana,I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press.